ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№№110-111 (23.269) ● 2016 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 9, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр тумэнитІщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Инвестицэхэмрэ хьэрычэт Іуэхумкіэ щыІэ советым теухуа Положеным, езы Советым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2015 гъэм мэлыжьыхьым и 13-м къыдигъэкІа Указ №49-УГ-мкІэ къиштахэм, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Инвестицэхэмрэ хьэрычэт Іуэхумкіэ щыІэ советым теухуа Положеным, езы Советым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2015 гъэм мэлыжьыхьым и 13-м къыдигъэкІа Указ №49-УГ-мкІэ къиштахэм, мы къыкІэльыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Положеным и пункт 4-м:

еханэ абзацым хэт «апэ игъэущіпхьэхэр» псалъэхэр хэгъэкІын;

епщыкІубланэ абзацым къару имыІэжу къэпльытэн;

б) Советым:

хэгъэхьэн мы къыкІэльыкІуэхэр:

Афэщыж Юрий Сэфарбий и къуэр - Хьэрычэтыщ Іэхэм я хуитыныгъэхэм къыщыхьэщыжьымкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэр.

Бекъалды Хьэзиз Хьабил и къуэр - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм инвестицэхэмрэ зыужьыныгъэмкІэ и агентствэ» акционер зэгурыІуэныгъэ зэІуихам и генеральнэ директорыр *(зэгурыІуау)*

Дадэ МуІэед Алий и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщіым и япэ къуэдзэр

Ерыстау Ланэ Ахьмэд и пхъур - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІымрэ мыльхукъэмрэ я Іуэхухэмкіэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащіэр;

Советым кьыхэгъэкІыжын **Бейтыгъуэн Къ. Хь., Бышэн А. А., Лыджыдэ В. В., Тау П. Къ., Татуг Т. Н.** сымэ.

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэзэдза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ

2016 гъэм мэкъуауэгъуэм и 3-м

№68-УГ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхухэм социальнэ дэІэпыкъуныгъэ етыным и Іэнатіэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» щІэ лъапІэр яфІэщыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхухэм социальнэ дэІэпыкъуныгъэ етыным и Іэнатіэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» щІэ лъапІэр яфІэщын

Балэ Зэгурэ Сэрэждин и пхъум - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмкіэ, щІыхухэр Іэнатіэкіэ къыззгъэпэщынымрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмрэ и министерствэм и «Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым щІыхухэм социальнэ Іэнатіхьэбзэкэр щахуэзыщІэ комплекс центр» къэрал кІэзонэ Іэухуэщіапіэм и социальнэ лэжьакІуэм

Гаевэ Жанет Мухьтар и пхъум - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмкіэ, щІыхухэр Іэнатіэкіэ къыззгъэпэщынымрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкіэ и министерствэм псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и Іуэхутхьэбзэхэм я уасэхэмкіэ субсидиехэр тынымкІэ и къудамэм и Іэщіагъэлі пажэм

Шапкинэ Ольгэ Александр и пхъум - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмкіэ, щІыхухэр Іэнатіэкіэ къыззгъэпэщынымрэ, социальнэ дэІэпыкъуныгъэмрэ и министерствэм и «Прохладнэ муниципальнэ районым щІыхухэм социальнэ Іуэхутхьэбзэхэр щахуэзыщІэ комплекс центр» къэрал кІэзонэ Іэухуэщіапіэм и социальнэ лэжьакІуэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ

2016 гъэм мэкъуауэгъуэм и 8-м

№71-УГ

Урысейм и Махуэр Іуащхьэмахуэ и щыгум щагъэлъэпІэнущ

Урысейм и Махуэм и щІыхькІэ щІыху куэд зыхэт гуп Іуащхьэмахуэ дэкІынущ. «Эльбрусиада - 2016» зэхьэзэхуэм хэт альпинистхэр мэкъуауэгъуэм и 10-м щежьэнущ Азау хуейм деж. Махуэшхуэм теухуа мы Іуэхум хэтыну къарагъэблагъэщ Совет Союзым хиубыдэу щыта республикэ зыбжанэм я спортсменхэр.

ІУАЩХЬЭМАХУЭ и щыгум зэфІэкІ зыбгъэдэлъ спортсменхэм ящІыгъуу дэкІыфынущ япэкІэ куршхэм къыщызымыкІухьахэри. Зи зэфІэкІыр зыгъэунэхужыну хуейхэм папщІэ альпинизмэмкІэ федерацэм зэхьэзэхуэм зы тхьэмахуэкІэ япэ иту школ кІыззІуихынущ.

Мы Іуэхур къыззрагъэпэщ Урысейм Альпинизмэмкіэ и федерацэмрэ КъБР-м Альпинизмэмкіэ и федерацэмрэ. Абыхэм ядэІэпыкъунущ УФ-м Спортымкіэ и министерствэр, Евразиэм альпинизмэмкІэ и ассоциацэр, КъБР-м Спортымкіэ и министерствэр, Іуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и администрацэр.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэ.

КъБР-р узыншагъэр хъумэнымкІэ Урысейм щІынэхъыфІ щІыналъи 10-м ящыщ

Узыншагъэр хъумэнымкІэ Іэнатіэр зэрылажьэм и сэрэбынагъыр зыхуэдэмкІэ Урысейм и щІыналъхэм я рейтинг зэхалъхьащ Узыншагъэр хъумэнымкІэ Іэнатіэр къызэгъэпэщынымрэ ар зехьэнымкІэ школ нэхъыщхьэм и Іэщіагъэлі хэм.

АБы къырикІуахэр зыпэмыплъауэ зэрыщытыр Москва щрагъэкІуэкІ «Узыншагъэр хъумэнымкІэ Іэнатіэр къызэгъэпэщыныр-2016» дунейпсо конференцым щыжиІащ а школым и унафэщІ, Медицинэ дэІэпыкъуныгъэмрэ медицинэм зэрылажьэрэ я фІагъымкІэ медицинэ зэгухьэныгъэхэм я ассоциацэм и правленэм и унафэщІ **Улумбековэ Гузель**.

Узыншагъэр хъумэнымкІэ Іэнатіэр зэрылажьэм къыпэкІуэ сэбэпынагъымкІэ къэралым япэ увыпІи 10-р щаІыгъуу къыщІэкІащ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм, Дагъыстэн Республикэм, Къалмыкъ Республикэм, Мордва Республикэм, Ставрополь крайм, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм, Кировскэ областьм, Ингуш Республикэм, Рязань областьм, Томскэ областьм.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэ.

● Шэрэдж щІынатІэ

Лэжьыгъэхэр зэпыуркъым

Шэрэдж щІынальэм и мэкъумэшыщІэхэм гъавэ гектар мини 3-м нэблагъэ хасащ.

АБы щыщу нартыхум и закъуэ хухахащ гектар мини 2,5-рэ. Адрей кьэнам щащІащ зэнтхъ, джэш щхъуантІэ, сэхуран, былым къэбыстэ (рапс) .

Мы зэманым Іуахыж гектар 25-м щыхаса горох щхъуантІэр.

Нартыхум сантиметр зыбгъупщІкІэ зыкъиІэтащ. Накъыгъэ мазэри мэкъуауэгъуэм и япэ тхьэмахуэри зэрыуэлбанэрилъэ зэран мыхъуу кьэнакъым. Ауэ къэкІыгъэхэм я щытыкІэр Іейкъым, и чэзум щыІэгъэпшэрэкмкІэ зэлэжьа хьэсэхэм уэру гуэдзри нартыхури тетщ. Дэнэкіи щыета уэр кьалъэмыІэсмэ, гъавэ бэвкІэ угугъэ хъунущ.

МэкъумэшыщІэхэр техникэкІи хъарэныгъэ къыззгъэпэщащ - трактору 30, щІыр зэрагъэщабэу 46-рэ яІэщ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

● Къулыку



Щоджэн Радион и Іэнатіэщ Іэ

Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министру КъБР-м щыІэ, полицэм и генерал-майор Ромашкин Игорь Урысей МВД-м и «Аруан» къудамэм и гупым яригъэцІуэщ щІэуэ ягъэува я унафэщІыр - къэрал кІуэцІ къулыкъум и полковник Щоджэн Радион Борис и къуэр.

ЩОДЖЭН Радион Борис и къуэр 1968 гъэм жэпуэгъуэм и 23-м Налшык къалэм къыщалъхуащ.

ЩІэныгъэ нэхъыщхьэ иІэщ: экономическэ, юридическэ.

Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ Іэнатіэхэм щолажьэ 1999 гъэм и щІышылэм щыщІэдзауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ МВД-м, Урысей МВД-м Ипщэ федеральнэ округымкІэ и Управленэ нэхъыщхьэм къулыкъу зэмылІэужьыгъуэхэм щыпэрытащ.

2008 гъэм и мэлыжьыхьым щыщІэдзауэ щылэжьащ Урысейм Іэпхъуэщапхъуэхэмкіэ и федеральнэ къулыкъум и управленэу КъБР-м щыІэм, 2016 гъэм гъатхэпэм щыщІэдзауэ КъБР-м щыІэ УФМС-м и Аруан район къудамэм и унафэщІу щытащ.

Унагъуэщ, сабиищ иІэщ.

Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ Іапіэ.

● Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэ

Нэгузыужьу, гукъинэжу

Сабийхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр къызыхуэтынышэу къызэгъэпэщынымы лъэхъэнэм дэнэкІи гулъытэшхуэ щрат. А Іуэхум теухуа лэжьыгъэ щхьэпэхэр щокІуэкІ Налшык къалэми.

ГЪЭМАХУЭМ и япэ мазэм къриубыдэу школ лагерхэр къыщызІуахащ къалэм и курыт еджапІэхэу 3-нэм, 4-нэм, 30-нэм, прогимназиехэу 28-нэм, 70-нэм. Апхуэдэ зыгъэпсэхупІэхэм лэжьэн щыщІадзащ Кэнжэ дэт курыт школ №20-ми Белая Речкэ дэт курыт школ №15-ми. Псори зэхэту абыхэм зыщагъэпсэхунущ, я узыншагъэр щрагъэфІэкІуэнущ сабий 340-м. Ахэр нэхъыбэу кьаехэкІащ зи адэ-анэхэр лэжьапІэ Іэнатіэ Іумыт унагъуэ хуэмыщІахэм, бынунагъуэщхуэхэм.

ЦІыкІуэхэм я зыгъэпсэхугъуэм тещІыхьауэ егъэджэныгъэмкІэ щІыпІэ департаментым программэ щхьэхуэ иубзыхуащ. Школ лагерхэми зэрылажьэну план хэхахэр яІэщ. Абыхэм къыщыгъэлъэгъуащ сабийхэм драгъэкІуэкІыну лэжьыгъэхэр - я нэгу зегъэужьынри, я къэухьым, зэхэщІыкІым хэгъэхъуэнри, эстетикэ, хэкупсэ гупсысэхэм хуэущиинри. Апхуэдэу сабийхэр махуэм гупжьей зэмылІэужьыгъуэхэм йокІуапІэ, спорт зэхьэзэхуэхэм хэтщ, пщыхьэщхьэм псори зэгъусэу кино йоплъ, кІоф э.

КЪАРДЭН Маритэ.

● Фэеплъ

Сурэтыр **Холлаевэ Марзиет** *трихащ.*

Псэухэм - мамырыгъэрэ гуфІэгъуэрэ!

КъБР-м и щІыхубэ усакІуэ, СССР-ми РСФСР-ми я Къэрал саугъэтхэм, Лениным и цІэр зезыхьэ саугъэтым я лауреат Кулиев Къайсын дунейм щекьыжа махуэм ирихьэлІэу, гъэ къэси хуэдэу, щІыхушхуэ щызэхуэсат усакІуэм и фэеплъу абы и цІэр зезыхьэ уэрамым тетым деж. КьурихьэлІахэм яхэтт республикэм и унафэщІхэр, усакІуэм и благъэхэр, Іыхьлыхэр, ныбжьэгъуэхэр, лъэпкъ интеллигенцэм, и усэхэр фІыуэ зылъагъуэхэм ящІщэхэр.

КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** зэхьихьэр къыщызэІуихым къыхигъэщхьэхукІащ республикэм и литературэмрэ щэнхабзэмрэ усакІуэм хуищІа хэлъхьэныгъэм и мыхьэнэр зэрыиныр, цІыхубэм лъагъуныгъэ зэрахуІэмрэ лъэпкъ зэхэгъэж зэримыщІымрэ абы и усэхэм увыпІэфІ зэрыщаубыдыр. УсакІуэм зэрызыкьытхуигъэзэ «Псэухэм - мамырыгъэрэ гуфІэгъуэрэ!» и псалъэхэр дэтхэнэми игу кьинащ.

КъБР-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и тхьэмадэ **Беппаев МутІэлип** жиІащ ХХ лІэщІыгъуэм и усакІуэщхуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм зэращымыгъупщэр, литературэм, щэнхабзэм я лэжьакІуэхэм я дежкІэ усакІуэр лъагапІэу, вагъуэ нэхуу къыззрынэжыр.

- ЛІэщІыгъэкІэрэ цІыхухэм зэІэпахыну Къайсын и усэхэр, и псалъэхэр кьахэущыхьэпэнчэ цІыхухэм гугъуехьэр къызэранэкІынымкІэ. ЦІыхубэм лъагъуныгъэ, гущІэгъу зэрахуІэр, зэпымыууэ ГъащІэр мамыру, ефІакІуэу зэрыщыстынур и фІэщ зэрыхъур Кулиевым и усэхэм кьыхощ, - жиІащ Беппаевым.

Тхыдэдж-архивист, тхакІуэ **Опрышкэ Олег** игу къигъэкІыжащ 1985 гъэм мэкъуауэгъуэм и 4-м иужьрей гъуэгуанэм усакІуэщхуэр тезыгъэувэжыну къызэхуэсахэм уэлбанэ хъуа дунейри ядэнэщхьеяуэ зэрыщытар.

- Си фІэщ мэхъу усакІуэ Іущым и фэеплъыр зэпымыууэ цІыху кІуапІэу зэрыщытынур, - жиІащ Опрышкэ Олег.

Сыт щыгъуи хуэдэу, Кулиев Къайсын и фэеплъ зэхьихьэхэм зыкъраІэхьэлІащ ар щыпсэуа щІыналъэм и лІыкІуэхэм. Щэджэм районым щІыпІэ самоуправленэмкІэ и Советым и унафэщІ Уэдыжь Хьэсанш къыхигъэщащ Кулиевым балъкъэр лъэпкъ щэнхабзэм, усыгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищІар, ар цІыху акъылыфІэу, гъащІэр фІыуэ зыпльагъуу, лъэпкъ зэхэгъэж хуейхэм папщІэ альпинизмэмкІэ федерацэм зэхьэзэхуэм зы тхьэмахуэкІэ япэ иту школ кІыззІуихынущ.

Мы Іуэхур къыззрагъэпэщ Урысейм Альпинизмэмкіэ и федерацэмрэ КъБР-м Альпинизмэмкіэ и федерацэмрэ. Абыхэм ядэІэпыкъунущ УФ-м Спортымкіэ и министерствэр, Евразиэм альпинизмэмкІэ и ассоциацэр, КъБР-м Спортымкіэ и министерствэр, Іуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и администрацэр.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэ.

● ДифІ догъэтъапІэ

Адыгэ псоми я шу пашэ

Урысей Федерацэмрэ хамэ къэралхэмрэ (Иорданиие, Сирие, Тырку, Израиль, Германие, Голландие, США, Абхъаз) щыІэ адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ 17 къызэщІэзыуфыдэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм къызэрилъэтэжкІэ, къыпхуэмылъэтэн хуэдизу куущ Мэшбащіэ Исхьэкъ адыгэ, урысей лъэпкъ щэнхабзэм я мызакъуэу, дунейпсо литературэми яхуищІа хэлъхьэныгъэр.

УФ-м и ТхакІуэхэм я союзым и унафэщІым и къуэдзэ, Адыгэ Республикэм и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ, АР-м, КъБР-м, КъШР-м я цІыхубэ тхакІуэ, СССР-мрэ УФ-мрэ я Къэрал саугъэтхэм я лауреат, Шолоховым, Островскэм я цІэкІэ щыІэ литературэ саугъэтхэр зрата, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и саугъэт нэхъыщхьэр зыхуагъэфэща Мэшбащіэ Исхьэкъ Адыгэ Республикэм, Кавказ Ищхьэрэм, Урысей Федерацэм я щэнхабзэм увыпІэшхуэ щызыІубыд тха- кІуэщ, усакІуэщ. Абы и Іэдакъэщіэкіэр къыщацІыху Кавказым, Урысейм, КъуэкІыпІэ Жыжьэмрэ Гъунэгъумрэ щыІэ къэралхэм. Мэшбащіэм и тхылъхэр иныжьыбзэкіэ, испаныбзэкІэ, нэмыцэбзэкІэ, китайбзэкІэ, французбзэкІэ, хьэрычэтбзэкІэ, тыркубзэкІэ, чехэм, лыхъэм, болгархэм я бзэхэмкІэ зэрадзэкІащ. 1953 гъэ лъандэрэ абы къыдигъэкІа тхылъхэм я тиражыр мелуани 3-м щІигъащ. Иужьрей мазаём Мейкъуапэ къыщыдэкІащ Исхьэкъ и тхыгъэхэр щызэхуэхьэса, том 17 хъу тхылъхэмрэ (адыгеибзэкІэ) том 20-у зэхэтхэмрэ (урысыбзэкІэ).

Мэшбащіэ Исхьэкъ къаІэм къызэрищтэрэ лъахэмрэ лъэпкъымрэ я Іофіагъыр, я дахагъыр хъуэпсэгъуэу къегъэльэгъуэж, умыгъэщІэгъэн тхьэлыкрхъым гухэлъ пшынальэмрэ прозэ купщІафІэмрэ щыщІэныгъэншэу къызэрехъулІэри.

Абы и Іэдакъэщіэкіэр лъэпкъпсо зыщІэпІпІыкІ хъун защІэщ, и дэтхэнэ тхыгъэри адыгэм и тхыдэ куущ. Исхьэкъ и романхэм къыхэщыр блэкІа жыжьэм и лъэужьым и закъуэкъым, атІэ къэкІуэнум хуэкІуэ Іуэгури Іупщіу къыхобелджылыкІ.

И тхыгъэхэм я закъуэкъым ди шынэхъыжьым дызэригъэгушхуэр. Ар ноби кьытхэтщ и жэрдэмымрэ и псалъэ Іущымрэ лъэпкъым къыхуэсэбэну. Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Нэхъыжьхэм я советым и тхьэмадэу къызэрыддолажьэр дз дгъэунэхуащ ар хэкупсэу, жылагъуэм къыщыхьу демократие зэхуэдэныгъэхэм псынщІэу хэзагъэу, къыщыхкІа и лъэпкъымрэ къыщалъхуа и хэкумрэ я зыужьыныгъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ папщІэ и псэр итыну хьэзыру дунейм зэрытетыр. Гу къабзэкІэ зыхещІэ абы лъахэм къыщыхъу псори. Литературэми гъащІэми щекІуэкІыу хъуам гудзакъэ иІэу якІолъоплъ. Нэхъыщхьэращи, и акъыл жанымрэ и псалъэ Іущымрэ и чэзум къигъэсэбэпыфу, сыт хуэдэ Іуэхуми и хэкІыпІэр псынщІэу къигъуэтыфу, езым и дуней тетыкІэмрэ и цІыхугъэмрэ нэхъыщІэхэм щапхъэ тхуэхъуу ди япэ ит нэхъыжьыфІщ.

Мэшбащіэм и ныбжьыр илъэс 85-рэ зэрырикъур къэтлъытэри, ДАХ-м и унафэкІэ 2016 гъэр абы и илъэсу дгъэуващ. Къэбэрдей-Балъкъэрми, Къэрэшей-Шэрджэсми, Адыгейми щагъэлъапІэ абы и махуэхуэр, еджапІэхэм, щэнхабзэ Іуэхущ Іапіэхэм зэІущІэ гъащІэгъэунэхэр щокІуэкІ.

Исхьэкъ и зэфІэкІымрэ адыгэм и цІэр жыжьэ зэригъэІымрэ дагъэгушхуэм и закъуэкъым, атІэ абы и тхыгъэхэм дерс кьыхьдох, блэкІар ди нэгу кьыщІэдгъэхьэжьфын хуэдизу кьытхуеІуэта, ар ди нобрей гъащІэм едгъащІэрэ лъагъуэ пхытыжьфыну ІэмалкІыдет. Иджыри тхуэузынщэну, и Іэдакъэщіэкі куэд дунейм кьытехьэну, шу пашэу ди япэ итыну дыхуохъуахъуэ!

СЭХЪУРОКЪУЭ Хьэутий,

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ.

Мэшбащіэ Исхьэкъ и усэхэр 5-нэ напэкІуэцІым итщ.

Ныбжьэгъу пэж

«Адыгэ псалъэр» дахэу мэпсалъэ,
«Адыгэ псалъэр» дэ къыдопсалъэ,
«Адыгэ псалъэм» фІыгъуэм дыхуешэ,
«Адыгэ псалъэм» уэгум дрешэ.
«Адыгэ псалъэр» къыбдогушыІэ,
«Адыгэ псалъэм» таурыхъ къыбжеІэ,
Уи нэщхъеягъуэмэ, ар къыбдогуІэ,
Уи нэщхъыфІагъыр лъагэу бдеІэт.
«Адыгэ псалъэм» чэнджэщхэр
къует,
Нэмыси, хабзи мыбы щогъуэт,
Лъэпкъыр сыт щыгъуи
ещІыр зэкъуэт.
Хым адрыщІкІэ щыпсэууэ щытми,
Ди къуэш адыгэхэр абы къегъуэт,
Муслъымэн диным и хабзэ псоми,
Хэт щІэупщІами, жэуап кърет.
ЩІэблэр гъэсэным и
чэнджэщ куухэр,
Ухуейуэ щытмэ, къыпхуигъуэтынщ.
Къэрал унафэу къьжьауэ хъуари,
Дэ гурыІуэгъуэ тхуэзыщІыр арщ.
Апхуэдэу щыхъукІэ,
«Адыгэ псалъэр»,
Адыгэ псоми дывгъэщІ ныбжьэгъу,
Хэмыту и псалъэм щІегъуэж
Тхуэзхъунущ ар псэльэгъу пэж!

КІУРАШЫН Алий.

ХьэтІохъущыкъуей къуажэ

ПщІэ зыхуэтщІ ди щІэджыкІакІуэхэ!

Фигу къыдогъэкІыж 2016 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм ныфхуахьыну газетхэм Іэ тедзэныр зэриухыр. «Адыгэ псалъэм» илъэс ныкъуэм и уасэр сом 839-рэ кІэлъейкІэ 88-рэщ.

Ди индексыр 51531

Пушкиным и махуэр Налшык щагъэлъапIэ

Ди къэралым и щIыпIэ куэдми хуэдэу, мэкъуауэгъуэм и 6-м Пушкин Александр къыщалъхуа махуэр Налшык щагъэлъапIащ. Абы и щIэр зезыхьэ уэрамым тет и фэеплъым деж ткачIуэхэр, литературэр фIыуэ зылъагъуэхэр, егъэджакIуэхэр, школакIуэ цIыкIуэхэр, къалэдэсхэр щызэхуэсат.

ЗэIущIэм кърихьэлIахэм Пушкин Александр и фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьащ.

- Иджыри илъэс мин бжыгъэхэр дэкIми, урыс литературэм и классик Пушкин Александр цIыкIухэм ящыгъупщэнукъым, - жиIащ КъБР-м и ТкачIуэхэм я зэгучъэныгъэм и тхьэмадэ **Беппаев МутIэлип** зэIущIэр къыщызэIуихым. Абы зэрыжиIамкIэ, Пушкиным и «Евгений Онегин» тхыгъэр тыркубзэкIэ зэрадзэкIащи, иджы абыхэми урыс тхакIуэм и зэнаём и дыгъэр ятопсэ.

Пушкин и бзэр нэхъ зэдзэкIыгъуейкэм ящыщу къалъытэми, ар къызэхъулIа закъуэтIакъуэхэм ящыщщ **Мизиев Къанщобий**.

- Тыркум щыпсэухэм Пушкиным и гугъу щахуэсщIкIэ, абы ди дежкIэ иIэ мыхьэнэм и инагъыр ягъэщIагъуэ. Иджы нэхъ тыншу дакъыгурыIуэнущ - Пушкиным и усэхэмрэ «Евгений Онегин» романымрэ зэрыт тхылъ я деж къыщыдагъэкIащ. Къыхэзгъэщыну сыхуейщ дызэрыгушхуэ Пушкин Александр ди къэралым и мызакъуэу, нэгъуэщI щIыпIэхэми куэд щIауэ къызэрыщыдыхур.

Дуней зызыужьар Пушкиным и нэкIэ имыльэгъуами, абы и тхыгъэхэм кином и илъэсым гъащIэщIэ иратыж. Фильм 50, телеспектаклу 17-м нэблагъэ мы гъэм цIыкIухэм я пащхьэ иралъхьащ.

- Пушкин Александр усыгъэм къыщигъэсэбэп Iэмалхэр адыгэ ткачIуэ куэдым щапхъэ яхуэхъуащ. Абыхэм ящыщ къэбзэрдей литературэм и классик ЩоджэнцыкIкIу Алий, - жиIащ **ЩоджэнцыкIкIу Леонид**.

ЗэIущIэм школакIуэ цIыкIуэр, литературэ студиеихэм я гъэсэнхэр Пушкиным и усэ хьыхэхэм къыщеджащ, апхуэдэуи абы кърихьэлIа дэтхэнэми усакIуэр фIыуэ зэрилъагъур жиIэну е и усэ кьеджэну IэмалыфI иIэт.

СЭКРЭК Аннэ Нартщауэ и пхъур

2016 гъэм мэкъуауэгъуэм и 6-м дунейм ехыжащ Сэкрэк Аннэ Нартщауэ и пхъур - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и промышленностым зэфIэкIышхуэ зыбгъэдэлъ и къызэгъэпэщакIуэр.

Сэкрэк Аннэ и гъащIэ псор республикэм и промышленность псынщIэм пыщIауэ екIуэкIащ. 1963 гъэм абы «Дружба» комбинатым кадрэмкIэ и инспектору лэжьэн щIидзащ. 1965 гъэм комбинатым и профсоюз комитетым и унафэщIу хахащ. КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и чэнджэщкIэ ар Нальчик дэт фэ-галантерей фабрикэм и унафэщIу 1972 гъэм ягъэуващ. Абы и унафэщIу Сэкрэк Аннэ щыщIэ зэманым кърифыбдзу предприятэр къыкIэрыхуэм къэхкIри нэхъыфI дыдэхэм ящыщ хъуащ икIи Урысей Федерацэм щIэупщIэшхуэ щызыIэ хьэпшыпхэр къыщIигъэкIыу хуежьащ.

Илъэсибгъу дэкIри, Сэкрэк Аннэ Налшык дэт «Дружба» трикотаж комбинатым и унафэщIу ягъэкIуащ. Абы зэрыщылажьа илъэс 17-м кърифыбдзу унафэщIым хуэзфIэкIащ лъэпэд зэмылIэужьыгъуэхэмрэ щыгъын зэщIащхэмрэ къыщIэзыгъэкI Iэхъуущ Iэпэ Урысейм Текстильнэ промышленностымкIэ и министерствэм хиубыдэжьи я деж бжьыпэр щызыбгъэ предприятэ ищIын.

Апхуэдэу республикэм и къуажэхэм щыпсэухэр лэжьапIэ IэнатlэхэмкIэ къызэрагъэпэщын папщIэ комбинатым и Iэхъуущапlэхэр Сэрмакъ, Акъбащ Ипщэ къуажэхэм къыщызэIуахащ икIи а Iэнатlэхэм хъарзынэу заужьащ. А лъэхъэнэм кърифыбдзу комбинатым и зэхэпльыкIэр зэрахъуэкIащ, а зэманым нэхъыфI дыдэу щыIа Iэмэпсымэхэр щагъэуващ, сырье, материал нэхъыфIхэр кьагъэсэбэпу щIадзащ икIи а псоми я фIыщIэкIэ предприятэм егъэлеиуэ зиужьащ.

Илъэс куэдкIэ хьэлэлу зэрыпэжьам, республикэм и промышленностым зегъэужьыным кърауушхуэ зэрырихьэлIам, парт, жылагъуэ лжьыбгъэхэм жыджэру зэрыхэтам папщIэ Сэкрэк Аннэ кьыхуагъэфощащ «Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэ», «ЩIыхь дамыгъэ» орденхэр. Абы «РСФСР-м и текстильнэ промышленностымрэ промышленность псынщIэмрэ щыIэ зиIэ я лэжьакIуэ» щIэ лъапIэр кьыфIащащ.

Апхуэдэ щIыху цIэрыIуэр дунейм зэрехьжам кьыхэкIыу дощыгъуэ икIи Сэкрэк Аннэ Нартщауэ и пхъум и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ дахуогузавэ.

КъБР-м Промышленностымрэ сатумкIэ и министерствэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я IэхъуэхэмкIэ Управлензр **Сэкрэк Аннэ Нартщауэ и пхъур** зэрылIам къыхэкIыу абы и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ.

* * *

Налшык къалэм и ЦIыхубзхэм я советыр Мэлбахъуэ Т. Къ. и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэм и еджапIэ пэшым и унафэщI **Сэкрэк Заремэ Хьэсэн и пхъум** хуогузавэ абы и анэ **Сэкрэк Аннэ Нартщауэ и пхъур** зэрылIам къыхэкIыу

Уэрамыр зэхуащIащ

Хуабэ зрикIуэ бжьамийхэр зэрызэрахъуэкIым къыхэкIыу Пушкиным и уэрамым щыщ Iыхьэу Лермонтовым, Головко я уэрамхэм я зохуакум къырубыдэр мэкъуауэгъуэм и 7-10-хэм зэхуэщIауэ щытынущ икIи транспортыр дагъэхьэнукъым. Бжьамийхэр зэрахъуэкIа нэужь уэрамыр зыхуей хуэгъэзэжьыныр асфальт телъхьэжьыныр пыщIа лэжьыгъэхэр мэкъуауэгъуэм и 20-м нэсыху екIуэкIынущ.

Мы махуэхэм

Мэкъуауэгъуэм и 9, *махуэку*

♦Зэныбжьэгъухэм я дунейпсо махуэщ

♦Аккредитацэм и дунейпсо махуэщ

♦1719 гъэм Пётр Езанэм урысей губерниехэр щIынальэ щхьэхуэхэуурэ зэпыудыным теуухуа унафэ къыдигъэкIащ.

♦1737 гъэм Москва мафIэсышхуэ къыщыхъуащ. Лыгъэйм зэщIищтат кьалэкур, уебламэ Кремль Уардзонрэ исат.

♦1883 гъэм Москва тхыдэ музей къыщызэIуахащ.

♦1935 гъэм Iуащхьэмахуэ и щыгум япэ дыдэу гупышхуэ дэкIащ.

♦1945 гъэм СССР-м щагъэуваащ «Берлин къызэращтам папщIэ», «Будапешт къызэращтам папщIэ», «Венэ къызэращтам папщIэ», «Кёнигсберг къызэращтам папщIэ», «Белград хуит къызэращIыжам папщIэ», «Варшавэ хуит къызэращIыжам папщIэ», «Прагэ хуит къызэращIыжам папщIэ» медалхэр.

♦1995 гъэм Урысейм и Президент Ельцин Борисрэ Украинэм и президент Кучмэ Леонидрэ Iэ градзащ тенджызыфIыцIэ флотыр зэрагъэшым теуухуа зэгурыIуэныгъэм.

♦Япэ урыс император **Пётр Езанэр** къызэралъхурэ илъэс 344-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутыр **Чым Агнессэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Техникэ щIэныгъэхэм я доктор, АР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, ЩIДАА-м и член-корреспондент **Блахъуэ Хьэзрэт** и ныбжьыр илъэс 52-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 11 - 12, жэщым градусиу 10 - 12 щыхъунущ.

Мэкъуауэгъуэм и 10, *мэрем*

♦Краснодар крайм щагъэлъапIэ архитекторым и махуэр

♦Молдавием и гъунапкъэхъумэхэм я махуэщ

♦Португалием и махуэщ

♦Япониеи щагъэлъапIэ сыхьэтхэм я махуэр

♦1774 гъэм Урысейм Тыркумрэ зэращIылIащ Кючук-Кайнарджи мамыр зэгурыIуэныгъэр. Абы ипкъ иткIэ Къэбэрдейр Урысейм и зы Iыхьэу кьалъытащ.

♦1793 гъэм Париж дунейм щыяпэу зоопарк къыщызэIуахащ.

♦1793 гъэм США-м и къалащхьэр яхъуэжащ: Филадельфием и пIэкIэ къэралым и щыхьэрэ ягъэуващ Вашингтон.

♦1807 гъэм ухуэн щIадзащ Ижевск Iэщэ заводыр.

♦1909 гъэм Канберрэ Австралием и къалащхьэ хъуащ.

♦1921 гъэм къызэрагъэпэщащ Толстой Лев и «Ясная поляна» музей-щIапIэр. ТхакIуэр абы илъэс 60 и нэскIэ щыпсэуат, «Зауэмрэ мамырыгъэмрэ, «Каренинэ Аннэ» роман цIэрыIуэхэри щитхар арат.

♦1931 гъэм Москвэрэ Ленинградрэ яку дэлъ гъэзуанэм трагъэуваащ «Красная стрела» мафIэгур.

♦1936 гъэм «Союзмультфильм» киностудиер къызэрагъэпэщащ.

♦1940 гъэм Италиер ЕтIуанэ дунейпсо зауэм хьыхьащ Германием и телъхьэу. Абы зауэ ящыщIыIащ Франджымрэ Инджылызымрэ.

♦1955 гъэм Тырныауэрэ Докшукинэрэ кьалэ хъуащ.

♦Сурэтыщ1-график, УФ-м щIыхь зиIэ и сурэтыщI, «Нартхэр», «Ди деж къэса уэрэдхэр», «Къурш щхьэгухуэхэм я таурыхъэхэр» тхылъхэр зыгъэщIэрэщIа **Глуховцев Александр** къызэралъхурэ илъэси 106-рэ ирокъу.

♦Режиссёр щIэрыIуэ, УФ-м и цIыхубз артист **Ерчэн Леонид** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.

♦Урысей уэрэджыIакIуэ щIэрыIуэ, СССР-м и цIыхубз артисткэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Зыкинэ Людмилэ** къызэралъхурэ илъэс 87-рэ ирокъу.

♦Гум еIэзэ дохутыр щIэрыIуэ, медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, РАН-мрэ РАМН-мрэ я академик, СССР-м и уэзнышагъэр хъумэнымкIэ и министру щыта, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Чазов Евгений** и ныбжьыр илъэс 87-рэ ирокъу.

♦СССР-м и цIыхубз сурэтыщI, Урысейм художествэхэмкIэ и академик и академик, УФ-м и Къэрал саугъэтыр зрата, «Хэкум и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденым и нагъыщэ поэр зыхуагъэфащэ **Глазунов Илья** и ныбжьыр илъэс 86-рэ ирокъу.

♦Совет актёр, УФ-м и цIыхубз артист **Смирнитский Валентин** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦Медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Инэрокъуэ Аллэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦КъШР-м щыщ къэрал лэжьакIуэ, УФ-м щхьэхуэм щIэныгъэ егъэгъуэтыныкIэ пщIэ зиIэ и лэжьакIуэ **Бэчыжь ФатIимэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Шэрджэс еджагъэшхуэ, мэкъуамэш щIэныгъэхэм я доктор **Тамэ Мухьэрбий** и ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокъу.

♦ТкачIуэ, 2013 гъэм Мейкьуапэ щекIуэкIа «Адыгэ пщащэ» дунейпсо зэпеуэм япэ вицемисс щыхъуэ «Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент **Щомахуэ Залинэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэшх тIэкIу къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 14, жэщым градус 11 - 13 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Уи пэшэгъу и фэ къыптоуэ.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

● КъуэкIыпIэ Жыжьэ

Унафэм къару егъуэт

КъуэкIыпIэ Жыжьэм щIы Iыхьэ пщIэншэу зэрыщатынум теухуа унафэм мэкъуауэгъуэм и 1-м Урысей Федерацэм къару щигъуэтащ. Япэу зи лъэIуэхэм хэплъэнухэм ящыщ КъуэкIыпIэ Жыжьэ федеральнэ щIыналъэм щыпсэуэхэр.

УНАФЭМ ипкъ иткIэ унагъуэм ис дэтхэнэ щIыхьми гектар зырыз хуэзэу къыIахьну хуитыныгъэ яIэщ. Хьэрычэт Iуэху нэхъ ин къызэIуахыну мурад зиIэхэм гупым къабгъэдэкIыу лъэIу тхылъхэр ирагъэхьыфынущ. ЩIы Iыхьэр пщIэншэу хупачынущ Урысей Федерацэм илъэситху хъуауэ щыпсэу цIыкIухэм, икIи иужьрейм ар нэгъуэщIхэм яритыжыну Iэмал иIэнукъым.

«КъуэкIыпIэ Жыжьэ гектарыр» къыщыхэпхыфынущ, «надальнийвосток.рф» сайтыр къызэIупхынэ. Абы щхьэкIэ напэкIуэщIым зыкъыщыбгъэпъэгъэун хуейщ икIи къыкIэлъыкIуэу картэ кьридзам уигу ирихьа щыIапэр къыщыхэпх хъунущ. Ар нэгъуэщIым кьищтамэ е адрейхэм я щы Iыхьэм техуэмэ, системэм абыкIэ хуабар уигъэщIэнущ. ЩыIапэр къыхэпха нэужь, уи пащхьэ къридзэ лъэIу тхылъыр узэрыхуейм хуэдэу уогъэхьэзырри ибогъхь. АдэкIэ апхуэдэ дыдэу интернетым ущыкIэлъыплъыфынущ уи лъэIум зэрыхэплъэ Iыхьэхэм. ЩIыр хухахыну арэзы техъуа нэужь, абы кадастр номер фIащри, лъэIу тхылъыр езыгъэхьам зэгурыIуэныгъэр сайтымкIэ хуагъэхь. А зэгурыIуэныгъэм махуэ 30-м кърифыбдэу Iэ тедзэн хуейщ - аращи, бадзэуэгъуэм и кIэух ма-хуэхэм ирихьлIэу цIыкIуэм япэ щIы Iыхьэхэр зэкIэрыхьнущ.

ИщхьэкIэ къыщыдгъэлъэгъуа сайт дыдэм и напэкIуэцIэм ящыщ зым къыщыхьащ щIыр къызэрыбгъэсэбэпыпхъэмкIэ чэнджэщхэр. Илъэсищ дэкIа нэужь, ар зратым абы тращIыхьа лэжьыгъэхэм теуухуа дэфтэр игъэхьэзырыпхъэщ. Армырамэ, щIыр кьытрахьыжынущ. Мардэм къызэригъэувым тету абы телэжьыхьамэ, илъэситху дэкIа нэужь, ар иратыпэнущ е бэджэнду кьрагъэщтэнущ. Къыхэгъэщыпхъэщи, мэз щIыналъэхэр зэратыр бэджэнд къудейуэщ.

Урысей Федерацэм КъуэкIыпIэ Жыжьэм зегъэужьынымкIэ и министерствэм зэрыщыжьаIэмкIэ, ди къэралым ис цIыкIухэм я проценти 9-р хьэзырщ «КъуэкIыпIэ Жыжьэ гектар» программэм хэтыну.

«Труд»

Ныкъуэкъуэгъуэм хабжэ

Германием и правительствэм Урысейр и дарэгъуэхэм къахигъэкIри, ныкъуэкъуэгъуэм яхигъэхьащ.

КЪЭРАЛЫМ и лъэпкъ шынагъуэншагъэр щагъэбелджылы «Тхылъ хужьым» 2006 гъэ лъандэрэ япэу ФРГ-м и правительствэм зэхъуэкIыныгъэ Iыхьэ. «Die Welt» газетым зэритхымкIэ, Урысейр иджы Германием и дежкIэ дарэгъуэкъым, атIэ шынагъуэ къызыбгъэдэкI ныкъуэкъуэгъущ.

«Тхылъ хужьым» зэрыратхамкIэ, «дыкъэзыухъуреихь дунейм хуабжьу зихъуэжащ, ар нэхъ гугъу, гурыIуэгъуей хъуащ». Нэмыцэ правительствэр егъэпIейтей «Урысейм и сэбэп зыхэлъхэр, кьарур и тегъэщIапIэу, зэрыпхигъэкIым». Щапхъэу къехь Къырымыр Украинэм и къуэкIыпIэмрэ къыщыхъуэр. КъищынэмыщIауэ, нэмыцэхэр егъэгузавэ Урысейм Къухьэпlэми и щIыб зэрыхуигъаззм, Евросоюзым и гъунапкъэхэм пэгъунэгъуэ Iэщэкlэ зэщIэуэзда къарухэр къришалIэурэ щытыкIэр зэхъуэкIыгъаплъэу жеIэ. Абы къытемыкIымэ, зэпэщIэтынигъэр нэхъ кууж хъунущ. Германием и правительствэм къелыгъэ Урысейр Европэм и дежкIэ шынагъуэ ин къызыбгъэдэкI къэралыгъуэ мыгувэу хъуну. Апхуэдэ щIыкIэкIэ ди къэралыр нэмыцэхэм хагъэхьащ нэхъ зыщыщынэн хуейхэм, терроризмэм, киберщIэпхъэджагъэм, дуней къахъукъащIэ Iэубыдыпlэншэхэм, узыпщIэмытыфыну уз зэрыщIалахэм, Iэпхъуэшапхъуэхэм къадэкIуэу.

«Тхылъ хужьым» и къыдэкIыгъэущIэр ФРГ-м зыхъумэжьныгъэмкIэ и министерствэмрэ Германием и шынагъуэншагъэр зи пщэм къыдэхуэ Iэхъущlапlэхэмрэ зэгъусэу ягъэхьазыращ. НапэкlуэцI 80 хьу а документым правительствэр хэплъэу арэзы техъуэн хуейщ.

СНЕГИРЁВ Андрей.
«Российская газета»

КIэртIофымрэ щIакхъуэмрэщ я шхын нэхъыщхьэр

Ерыскъы, хьэпшып нэхъ пудхэр къэзыщэху урысейхэм я бжыгъэм хэхъуэ зэпытщ

Урысей Федерацэм щыпсэухэр щыщхьэхкIэ нэхъыбэу зытращIыхьыр абы и уасэрщ, фIагъыр щIагъуэу къафIэмыIуэхуж хъуащ. Апхуэдэ къэхутэныгъэхэр хэIущIыIу ящIащ ди къэралым и Кредит рейтинг агентствэм (АКРА) и къэпщытакIуэхэм.

● Кризис

НЭХЪ мащIэрэ зекIуэ, ауэ пуд хьэпшыпхэр Урысейм щыпсэухэм кьыхэхьи щIадзащ 2011 гъэм. Илъэс ещанэ хъуауэ ерыскъыхъэкIэми хуаIэ щытыкIэр апхуэдэщ.

АКРА-м и къэхутэныгъэхэр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, зи щымыIауэ 2015 гъэм улахуэхэмрэ хэхъуэхэмрэ хэпщIыкIыу зэрыкIэрыхуам кьишащ хьэпшыпу ди щIыхуэм къащхъуэм процент 20-кIэ, ерыскъыхъэкIым проценти 4,2-кIэ хэщIыныр. Хьэпшыпхэм зыхуагъэзыкъуэурэ я шхын къызэращхъуэм и фIыгъэкIэщ нэхъыбэр зэрыпсэур. Абы щыгъуэми ерыскъыхъэкIхэм я фIагъыр нэрыпIагъуу зэрехуэхам щIыхьэм я узыншагъэр зэIеГъэхьэ.

Иджыпсту хадзэкIым (кIэртIофыр хэмыту), пхъэщхьэмыщIыхьэм, бдзэжьейм, фадэм я пIэ лъэбыдэкIэ къоувэ щIахкъуэр, кIэртIофыр, гъэшхэкIэр. «Адэкlэ крупахэр, хьэжьыгъэхэкIэр, дагъэр, зи чэзу хадзэкIхэр, фошыгъур куэду ящэхуу хуежьэнущ, - къыхагъэщ къэпщытакIуэхэм. - Илъэс куэдкIэ зэрахьэ хьэпшыпхэр пIалъэ нэхъ кIыхьыжкIэ къагъэсэбэпыну хущIэкъунущ».

ПсэупIэхэм я Iуэхухэри щIагъэжьыкIи. АКРА-м и бжыгъэхэм ятепщIыхьмэ, 2009 гъэм къыщыщIэдзауэ щIэуэ яухуэ фэтэрхэм я куэдагъэм процент 19 хущIащ. Абы щыгъуэми цIыкIухэм я псэупIэр къызэрращэхуфыр нэхъыбэм кредит щIыхуэ къащIтэуращ - ар упшынкIыну кIуэ пэтми нэхъ лъапIэ мэхъу.

АКОПЯН Георгий.
«Аргументы и факты»

● Ди гъунэгъуэхэр

Урысейм и газым Польшэри хуеижкъым

2022 гъэм иух зэгурыIуэныгъэм иужькIэ Польшэм Урысейм и газыр ищIэжынукъым. Апхуэдэ унафэ кьишащ а къэралым и правительствэм.

«ГАЗПРОМ» акционер зэгухьэныгъэм къыщалъытэ ар полякхэр кууэ зэмыгупсыса Iуэхугъуэу икIи политикэр зэбгкIыу. Экономикэм тепщIыхьмэ, Урысейм кьикI газым нэхъ езэгърабгъу Польшэм зыщIыпIи щигъэзытынукъым.

Псалъэмакъым къежьапIэ хуэхъуар мы маэм и пэщIэдзэм ди гъунэгъуэм зэбграгъэха хъыбарыщ. Польшэм и правительствэм и лIыкIуэ Наимский Пётр жиIащ «Газпром»-м зэман кIыхькIэ зэрыдэмылэжьэжьынур икIи 2022 гъэ пщIондэ тещIыхьа зэгурыIуэныгъэр иухмэ, къызэрыпамыщэнур. Абы къельэытэ газыр нэхъ пуду нэгъуэщI щIыпIэхэм кърашыфыну.

«ЩхьэжьфIэфIыр кьыхихыну хуитщ, - жиIащ а псалъэзэм я жэуапу «Газпром»-м и правленэм и унафэщIым и къуэдзэ Медведев Александр. - Арщхьэкlэ сэ ягу къэзгъэкIыжыну сыхуейт Польшэр щIэлъэIуу, иджыблагъэ абы хуэдэ тIыпщ газым и куэдагъым зэрыхэдгъэхьуар. КъыщынэмыщIауэ, а къэралым и щIыпIэ куэдым иджыри къэс газыр нэсакъым - ар зэIуб щIыным кIыдэIэпыкъуну полякхэр къэдгъэгугъауэ щытащ».

Польшэр щогугъ хьэрып къэралыгъуэхэмрэ Азие Курытымрэ кърашыну «гъэсэныныпхъэ щIыхуэм» - Ахэр нэхъ пуду икIи нэхъыбфIу кьыIэрыхьэну поплъэ.

«Хьыбарыщ1эхэр» урысейпсо агентствэ.

● Къаугъэ

Азербайджаным Тыркур деIыгъ

1915 гъэм ермэлыхэм (армянхэм) Тыркум лъэпкъгъэкIуэд къыщращIылIауэ Германием иджыблагъэ къыззрыщалъытар Хъуаншагъэшхуэу жиIащ Азербайджаным и Iэтащхьэ Алиев Ильхам.

«АР дэ ддэнчъыкIым икIи ди гум техуэнукъым, - жиIащ Азербайджаным и Iэтащхьэм, Германием и Бундестагым ермэлыхэм лъэпкъгъэкIуэд иращIыла хуэдэу унафэ къызэращтам щытепсэлъым. - Хамэ къэралхэм щыIэ ди лъэпкъэгъуэм хъыбар едгъэщIащ къадзэпсэу тыркухэм якъуэувэну. Дуней псом едгъэлъагъунщ дэ дызэрызэкъуэтыр».

Азербайджаным и ЛIыщхьэм икIэщIыпIэкIэ Баку ирагъэблэгъащ Тыркум и премьер-министр Йылдырым Бинали икIи Iуэхум зыубгъуауэ ахэр тепсэлъыхьащ. Абы и ужькIэ Алиевым къыхигъэщащ ермэлыхэм къащхьэщыжу Германием къыщащта унафэр хуабжьу и мыхэзуэу зэрыщытыр икIи Iэнэкъуэхэм я зэхущытыкIэр зэрызэIигъэхьэр. «КъуэкIыпIэр хуейкъым Тыркум зыми и унафэм щIэмыт политикэ иригъэкIуэкIыну, - къыхигъэщащ Азэйрбайджаным и Iэтащхьэм. - Дэри илъэс и пэкIэ апхуэдэ мыхъумыщIагъэм дыIуагъэуащ. Нэгъабэ, япэ Европей джэгуэхэр кьыщызэIуахьи ирагъэхьэлIэри, Германием и Парламентым резолюцэ къыщащтащ ди щIыналъэм цIыкIухэм я хуитыныгъэхэр къыщызэпауду къалъытэу. Арщхьэкlэ ар пцIы зэфэзэщщ. Азербайджаным демократием зыщеужь, сыт хуэдэ хъыбари къызэрыпх икIи зэрыплъхьэ хъуну интернетри мэлажьэ. ЦIыкIухэри зэхуэсу я гурыльхэр нахуэу яIуэтэну сыт щыгъуи Iэмал щыIэщ».

Алиевым жиIащ Германием хуэмыфащэ къаззрырипэсым Азербайджаным Тыркумрэ нэхъри зэрызэкъуигъэувэр икIи хэт и дежкIи ахэр иудыгъуафIэ зэрымыхьунур.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, мы гъэм мэкъуауэгъуэм и 2-м нэмыцэхэм я хабзэгъэуэ Iэнатlэм къилытащ 1915 гъэм Уэсмэн империем ермэлыхэм я лъэпкъгъэкIуэд щекIуэкIауэ икIи абыкIэ Тыркур игъэкIуэнщащ.

«Интерфакс» хьыбарегъащIэ агентствэ.

Плlанэпэр зыгъэхьэзырар ЖЫЛАСЭ Замирщ.

Си лъэпкъэгъухэр щопсэу адэжь лъахэм

И псэр пІейтей зэпытщ

Зы тхакІуи усакІуи щыІэу къыщІэкІынкъым къызыхэкІа лъэпкъыр, абы и тхыдэр, и къэкІуэнур и гум щимыгъафІэу. МэшбашІэ Исхьэкъи и гущІэ пшынальэщ и лъэпкъ машІэр, абы теухуауэ усэ куэди иІэщ. Ар усакІуэ гу пІанэщ икІи гукІи псэкІи поджжыф дунейм къыщыхъу-къыщыщІэ псоми, ди ЩІы хъурейм и къэкІуэнум папщІи и псэр пІейтей зэпытщ. Къытригъэзэжурэ, усакІуэр куэдрэ тотхыхь мамырыгъэм, цІыхугъэм, гуапагъэм, дахагъэм.

Сэ къызэрыгфІэщІмкІэ, Исхьэкъ и лирическэ усэ нэхъыфІ дыдэхэм ящыщщ «ЩІалэ цІыкІуэм шы щагъэпскІыр псыхъуэм» жыхуиІэр. Абы щызэхэухуэнащ мамырыгъэм и Іэфіагъри, дызытет дунейм и дахагъри, сабиигъуэм и къабзагъри. А усэм сыдихьэхри, илъэс зыбжанэ ипэкІэ зэздзэкІауэ щытащ ари, нэгъуэщІ усэ зыбжани.

ДЖЭРЫДЖЭ Арсен,
КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ.

Адыгэхэр

Си лъэпкъэгъуэхр я лъахэм щопсэу,
Дыадыгэш дэ жаІэу защІэжу,
ЩыгуфыкІыу дыгъэпсым, уэшх ткІуэпсхэм
ЖумартагъкІэ я гущІэр пэджжэу.

Си лъэпкъэгъуэхр я лъахэм щопсэу,
Я уэрэди я хабзи ящІэжу.
Къуэ къахэхъуэм - нэхъыкьхэр улсэу -
Фоч хуагъэуэрэ жыг хухасэжу.

Си лъэпкъэгъуэхр я лъахэм щопсэу,
Леймыгъэгъуэхэщ насып щыщІэбэнкІэ,
Адэжь лъахэм и щІыхь яхъумэжу
ИраІащ я щІы кІапІэр ялъ пщтыркІэ.

Ауэ къафэу щІадзамэ си къуэшхэм,
ПфІощІыр хъуаскІэ я лъэгум къыщІих.
ХьэгъуэлІыгъуэ къэхъуамэ, уанэшхэр
Къагъуэтыжыр, я къами щІамых.

Къамэ дзэпкъхэм ящІэжыр иджыри
Бийр кІэзызу я пащхьэ щитар,
А зэманым гулэзт щІыри псыри,
МафІэ лыгъэт ди лъахэр зыщтар.

Иджы ди щІыр хэлъыжжкъым гын Іугъуэм,
Уэрэд папщІэу фиижкъым шэ макъ.
Фоч ягъауэу зэхэпхым - гуфІэгъуэщ:
ЛІыгъэ уиІэм, щэхуж уи уэнжакъ.

Си лъэпкъэгъуэхр щопсэу адэжь лъахэм,
Дыгъэм, уэшхым щыхуауэ я нэфІ,
ЯпІ я бынхэри, гъуэгу щытеувэм
Къалэн щащІыр: «ЦІыху напэр хъумэф».

ЩІы хъурей

Уэ уокІэрахъуэ, уокІэрахъуэ,
Уи гъуэгум щыму хьбогъэщІ.
Уи щІыгум Іуэхуу щызэрахъэр
Пльагъухукіи, дауи, уи гур хощІ.

Нэхущ бзыхьэхуэу, кІыфІ пычахуэу
Зэхэлъу, си щІыу ЩІы хъурей,
ПщылІ щІыфэм телъ удын чэтхъахуэу
Уэ птелъи дырхъуэу куэдыкІей.

�ущокІэрахъуэ уэ уэгу щІэншэм,
ЛІэщІыгъуэ Іэджэ щІэтщ уи нэгу,
Ауэ иджыри ехь фочышэм
Сэлэт щІэзэухэр хамэ жьэгу.

Сыт щыгъуи хуэдэу, ноби лІыхэм
ЩІыр явэ, фызхэм япІ я бын,
Уэ упхолъэтыр вагъуэ лъахэм,
Ущымщ, къыптехуэми удын.

Сыт нобэ уэ уи узыншагъэ,
Уи щІыфэр узкъэ, ЩІы хъурей?
Уэ Іэщэ-фащэу къыпщатІагъэр
Слъагъуху, си щІылъэ, согужьей.

Уэ уокІэрахъуэ, уокІэрахъуэ,
Уи лІаи псэуи ухауэсакъщ.
Сэри бдызолъэ си Іэ пхъашэр,
Сэ щІэншэу уэркІэ сихьэщыкъщ.

Сэ уи макъ минхэм сыщІодэІур,
Зэрызэхэсхми хэлъкъым шэч.
Сакъыу кІэрахъуэ, сынолъэІур,
Си ЩІы хъурей, си щІы бэшэч.

Гуапагъэ

Сыту фІыт, цІыху гуапэу, зы пІэм диту
Дыпсэуам, тхэмыту хущІегъуэж.

Ауэ сыт, ди гугъэм и ужь диту
Къыдожьыхьыр жытІэу: «ДыхокІыж».

Тщогъупщэжри щхьэж хуэзфІэкІынур,
Дыдожажьэ мурад нэпцІ къэджам.
ЗыкъэтщІэжьым, кхъухь борэным пхыкІыу,
Хьэлъэу щІыдодзэж Іуэху етхьэжьам.

Къохъу къыщыщдбж илъэскІэрэ ди гъащІэр,
Къохъу дакъикъэр дэ къыщидмыдзэж,
Ауэ зэман блэкІым я нэхъ мащІэм
ПфІыздихьам имыІэ къэгъэззж.

Къыдожьыхь, аращи, дэ дыпІащІэу -
ДыблокІыфри ди яужь къинам,
ДыхуеплъэкІми, гу лъядмытэ зытщІу,
ХьдогъэщІыр гъуэгу къытпэщытам.

Ди лІэщІыгъуэм ещхьу, тепыІэншэу,
Дэ допІащІэ, тщІам демыфыгъуэж.
Ауэ кІасэу къыдощІэжри, кІэншэу
Гуапагъ тхэмылъам дыхущІогъуэж.

Насып

Сыт къыщытлъытэр дэ насыпу гъащІэм? -
Хэт хуигъэпса а упщІэм жэуап пэж!
Ауэ хуІужьым дызыпэплъа хьэщІэм,
Бжэм, дауи, насыпыфІэу зелъытэж.

Жыг щхъуантІэр насыпыфІэщ,
жьыр емынэу
Щыятэм, борэн пхъашэм къелыфам,
Гуэдз жылэр - вагъэ лъабжьэм
къыщІэмынэу
Къуэпс лъэчу гъатхэ губгъуэ къиувам.

Ауэ зымыщІэм дэнкІэ жьыр хъущепщэм
КъыфІощІ насыпыр уафэм къехуэхьн.
Абы щогъупщэ: бгы щыгу тыншу къапщтэм
ЛІым дежкІэ насып ини къимыхьын.

Сыт къыщытлъытэр дэ насыпу гъащІэм? -
Ар сщІэрэкъым ноби, ауэ сщохъур хьэкъ:
БлэкІыфым хамэ гуауэ зыхимыщІэу
Езым щиІэнкъым гъащІэм насып лъэпкъ.

ЩІалэ цІыкІухэм шы щагъэпскІыр псыхъуэм

Уеплъкіэ зыщыбгъэнщІкъым а телъыджэм -
Дыгъэпс джанэ щыгъщ ди псыхъуэ ныджэм.
ЩІалэ цІыкІухэм, псым уэзрыдыхьэу,
Уанэш гуп щагъэпскІыр зэрызехьэу.

ТкІуэпсхэр къочэ, къочэ дыжьын гулъу,
Шым я сокухэр псым елъэс псырылъэу.
Шы джабэхухэр тхьэхущ, пшэ хужь Іэрамэу,
Уафэ щІыхури хэлъщ архъуанэм пцІанэу.

Дыгъэр къишу джафэщ шагъдий щІыфэр,
МафІэ бзийуэ маблэ я соку псыфыр.
Драпхъейуэ ткІуэпсхэр налкъут щыгъэу,
ЩІалэ цІыкІухэм шы ягъэпскІ
хъуэпсэгъуэу.

Хъыджэбз цІыкІухэр къоплъэ
бжьэпэм тету,
НэІурыт защІыну тІэкІу укІытэу.
Жьыбгъэми щехъумэ джабэ нэкІум
ЩІалэ цІыкІухэм щаха щыгъын тІэкІур.

УаІуплъамэ, игъэгуфІэу и псэр,
ХагъэпскІыхьыр шыхэр псы абджыпсым.
ЩІалэ цІыкІухэр шагъдий псыфхэм я бгым
Исщ пцІанабзэу, тхьэхэм хуэдэу пагэу.

Мэшбащ1э Исхьэкъ и усэхэр

Ридадэ

Ди унэишэщ нобэ - хьэгъуэлІыгъуэщ,
Лыдыжу уафэм щыізэщІонэ вагъуэр,
Уэрэдыр мэІур жыжьэ дыдэ,
Уэредэ-ридадэ!

Гур кІэлъопхъэрыр а уэрэдым,
ЛІэщІыгъуэ куэдкІэ йокІуэтыжри,
Зэманыр къыщохутэжыр и пасэрей унэм.
Щызыхыумыхт а унэм - «уэридадэ»,
Іурт уэрэд папщІэу «Ридадэ, о Ридадэ»...

Ридадэ, Ридадэ, ди шынэхъыжь,
Къуэкіыпіэ пшэплъыым
кІуэцІрокІыр лъы лъэужь,
Уи дзэр зауэм къикІыжащ хэщІыншэу,
Уи дзэр зауэм къикІыжащ
уэрыншэу, Ридадэ!
О Ридадэ, Ридадэ...

ЛІыхъужь хабзэу утеувэу щІакІуэ кІапэм,
Ущызауэм уемыпцІыжу напэм,
ЩІакІуэ кІапэм теджэла уи хьэдэр
Пэплъэххакъым напэншагъэ дыдэ.

Иджы уэ зэи вагъэбдзумэр
Щумыхьыжыну гъатхэ губгъуэм,
Техьэлъэу гуауэр я унагъуэм,
Адыгэр лъахэм щыпхущІыгъуэрт...

Пасэрей адыгэ лІыхъужь щылъху,
КІэсэгъу лъэпкъ щхьэхуитым и къуэ пажэ,
Фыплъэт: жьыми щыгъуэурэ зеущэху,
Зауэлі нэсыр хьдэу къытхуашэжьыр.

О Ридадэ, Ридадэ, ди шынэхъыжь,
Пщэдджыжь пшэкІэплъым
пхокІыр лъы лъэужь.
Уи дзэр зауэм къикІыжащ хэщІыншэу,
Уи дзэм къытхуигъэзэжащ
уэрыншэу, Ридадэ!
О, Ридадэ, Ридадэ...

ЩІэплъыпІэм адэкІэ Іуащхьэжьым
зы Іуащхьэжьыр
Къыпоувэж, сатыру зэдекІуэкІыу.
Илъэсхэр блокІ, зэманыр ирагъэкІрэ
Тщагъэгъупщэжу гъэпцІагъэм и
гужьгъэжьыр.

ЛІэщІыгъуэ дапщэ блэкІа, махуэ дапщэ!
Уэрэдыжьым ноби и щІалэгъуэщ,
ГуфІэгъуэкІэ зэхишэу дауэдапщэр,
Уэридадэр щоІу ди хьэгъуэлІыгъуэм!

Чэщей лулэ

Чэщей лулэ, жьІэж я хъыбар
ЛІэщІыгъуэ Іэджэ зи ныбжь хъуэпсапІэхэм.
ТекІуэныгъэхэм гуфІэгъуэу щагъэхъам,
ХэщІыныгъэм кьигъэна лъы жапІэхэм.

Тепсэлъыхьыж я хьэкъущыкъым, джыдэхэм,
Иджыри къэскІэ гъэугум телъ гу лъагъуэм,
ЦІыхупсэ къабзэм, щхъуьхьзехьэ
псалъэ дыджым,
Псым хуэдэу нэпсыр зыщІэзыф
къум пшахъуэм.

Си чэщей лулэ, си гухэлъ уэрэд,
ЖьІэжьыт псори, пцІы къыхьыумыгъэхьэу.

Ноби зыбохьэр уэ гукъэкІыж куэд,
Іугъуэмэ Іэфі Іэрамэу къытщхьэщыпхьэу.

Ди нэхъыжьыфІхэм я кхъэ Іущхьэжьхэу
Бгы лъагъуэ зэблэдзахэм къатенахэм,
Драхьеяуэ ахэм Іэщхьэлъащхьэр,
ИралъэщІэкІыу я пщІэнтІэпсыр,

Лэжьыгъэу яІэтар жьІэж, пцІы умыупсу.
ЖьІэж гуапагъэр щыкуэда щхьэ къупщхьэм
ЩыізекІуэгъахэр, дунейм щІэгупсысу.

Зауэжьхэмрэ лІыхъужьхэмрэ я гугъу,
Мы дунеижьу ноби къэс зэхэлъым гугъуу,
Дызыщыпсэум, иджыри тфІэщІэщыгъуэу
ЖьІэжьыт я хъыбархэр, зы щІымыгъуу.

Удэ тхьэмпэу хэджэгухьхэм дыгъэпс уэрым
Ущхьэщыгъуэлъхьащи, шылэ хъару,
Мы ди щІыналъэм щагъэхъар зэгуэрым,
КъытхуэІуэтэжьыт псоми я хъыбарыр.

Чэщей лулэ, ноби мы ди гъащІэм
ПцІыІуэпщІышэхэр щыхъуркъым
нэхъ мащІэ.
Къэхъуми ахэм дыкъыщыхагъащІэ,
Я жажалэхьэ гъуэгур зэІудощІэ.

Чэщей лулэ, си уэрэд пшыналъэ,
Псори къэІуэтэжьыт пцІы хэмылъу.
Ахэм ноби уи Іугъуэ пшэ хъар пІащІэр
Ящхьэщыпхъщ, лІэщІыгъуэхэр зэпищІэу.

Хьэкіув щхьэдэхыпіэм тежьыхьа лІэщІыгъуэ

Плъэт: ХьэкІув щхьэдэхыпІэр
ижьыхьащ и пІэм,
ДаІуэт: щымщ щхьэдэхыпІэр,
Зэгуэр псыгъуэ лантІэу кьыхэжа чэщейри
Мывэм хэтщ щыму, уафэм дэплъейуэ.
КъыщещІ къуэкІыпІэм
пшэкІэплъ щхъуэкІэплъыкІэр,
И бзий зэмыфэгъухэр ауэым къыдикІэу.
Еплъыт, лъыкъым нобэ изыІэр а пшэплъыр,
Уафэ джабэр дыгъэшхуэм и
гуащІэм егъэплъыр.

ЛІэщІыгъуэ бжыгъэхэр и ныбжьу,
Бгым къыкъуоужри щІэрыпсу акъужьыр,
Гынымэ гуащІэр иджыри зэрихьэу,
Нобэр къыздэсым мыкІыж уІэгъэжьыр
Къэзыхь пшэ Іэрамэр кърелъхьэр
си пащхьэм.

Зэманым лІэщІыгъуэу зэхилъхьэж гъэхэр,
Хозэрыхьыжьыр ди тхыдэ кІыфІыгъэхэм.
Мылылъэ къуршыжьыр зи псыпэ къьжьапІэ,
Къуршыпсым щыгъупщэркъым нобэм къэс:
ЗауэлІым зэгуэрым къыщІэхури и напІэм,
Къыхэхуэгъащ мы псы щІыІэм нэпс ткІуэпс!

Акъужь къабзэ

Хэшыпсыхьауэ фи макъамэр си лъым,
Фыкъыхоіукіыр, бгырыс пшынальэхэ,
ЦІыхугъэ нэсым фрипщалъэу,
Мазэ бзийхэр шыкІэпшынэ налъэу.

Шолохов Михаил и цІэкІэ щыІэ саугъэтыр кърата нэужькІэ тхакІуэ Ларионов Арсенийрэ Шолохов Михаил ипхъу Шолоховэ Мариерэ я гъусэу зытригъэха фэеплъ сурэт.
Москва, накъыгъэм и 28, 1997 гъэ

Къуршыщхьэ тхъуар зыхуеплъых удзыпцІэм
Хэджэгухь пщащэ нэ фІыцІэм
И дыхьэшх макъыу къызэрылъэлъыр
Къоджэрэзэхыр къырым псыкъелъэу.

Къыхоіукіыжыр бгым телъ уэс къабзэм
ЛъэгущІэт ящІахэм яуса гъыбзэр,
ГъэпцІагъэкІи топкІи яхуэмышынэу,
Зауэлі лІыхъужьу хэкум къинахэр.

Къурш пэлъытэу, къахуэмыланджэу,
Хэку хуитыныгъэм дыкъыхураджэу,
Зэхызох иджыри къызэрыджэр.
ГъэпцІагъэкІэ къытранахэр ныджэм
Ноби хамэщІхэм щолъэуджыджэ.

Бгырыс пшынальэу си гущІагъщІэлъхэ,
Зи макъамэ пэжыр акъужь къабзэ!
Дыгъэ бзийхэр хэухэнащи фи лъым,
СыводаІуэр, гущІэм зыкъигъаззу!

Къуршыпс къиуауэ зэм фожэхыр,
Зэм фыуэшх щабэ укІытэхщ...
КъуэкІыпІэ пшэплъу зэщІэвгъаплъэ,
Си лъынтхуэм хэтщ бгырыс пшынальэр!

Си адыгэбзэ - си анэдэлъхубзэ

Зыгуэрхэм куэдрэ, къеджэзу уазым,
ИрагъэщхьыфІ анэдэлъхубзэр
ЯупІэщІыжакІэ гъуаплъэ щайм,
Щысхьыншэу игукІыж псыкъуийм,

Укъытекіыжмэ бззэрым,
Уимыхьыфыну жыжьэ дыдэ
ЖаІэф, я напІэри мыхуадэу,
Уагъэкъуэншэжу, яхуумыдэм.

Си адыгэщІу, сыщалъхуа щІыналъэ,
КъысІурыплъхьащи уи бзэр си пшыналъэу:

СедэІуэфынущ бзур зэрыбзэрабзэм,
Макъамэр зэригъэІум акъужь къабзэм,
Гуапагъэу гъащІэм щызыхэсщІэ псор,
КъызэрысщІэр къысІурыплъхьа бзэрщ.

Вагъэбдзумэр щызохьыр адэжьхэм я
хьэсэм,
ЩІыгулъ пшэрым псалъэ жылэхэр хэссэу.
Псалъэм псалъэр пызгъэувэжрэ - сатырхэр
Зэхэслъхьажу адыгэбзэ усэу.

Хьэгъэудж Мыхьэмэт

ЩаІэутэжкІэ тхыдэм и хъыбар,
СыщедаІуэкІэ бзум и уэрэд,
Къыщешхкіэ гъатхэ уэшх дызыпэплъар,
Си гум укъокІыр, Мыхьэмэт.

ЩхъуэкІэплъыкІэу зэщІигъаблэу щІыгур,
Пшынэ Іэпэу джэгумэ дыгъэ бзийр,
Гуфіэу зызэІуихмэ пщащэ нэгум,
Мыхьэмэт, уэ укъокІыжьыр си гум.

Іупщіу хызолъагъуэр уи пшыналъэм
Си илъэс блэкІахэм я сурэт,
Сабиигъуэм и макъ зэрыпэплъыр,
Къурш щхьэ хужьхэр. Уэри - Мыхьэмэт.

Еуэ пшынэм, еуэ тегушхуауэ,
ЩІалэ хъужа гур ирихужьауэ,
Уи макъ лъэщкІэ къыхэбдзэм уэрэд,
СедэІуэнт семышу, Мыхьэмэт!

Шыщхьэмыгъазэу уанэшыр зэщІэплъэу,
Хэлъэдауэ Шыхулъагъуэм,
ирижэу уафэгум,
Вагъуэхэр хъуаскІэу и лъэгу къыщІэлъэлъу,
Мыхьэмэт, къыщІегъэхьэр си нэгу
уи пшыналъэм!

Щыблэр губжьауэ зэрыщыуэм щыгум,
ТекІуэныгъэ гугъум кьикІуа гъуэгум
Я гугъу къысхуэщІ,
уафэхъуэпскІыу си лъым,
Мыхьэмэт, къыхэгъэхьэ уи пшыналъэр!

Уэзрихьэлу, къагъэушыж адыгэр,
Къыщэригъэушым ещхьу щІылъэр дыгъэм.
Лъагъуныгъэ макъамэу,
зэман къакІуэм и джакІуэу,
Мыхьэмэт, уи уэрэдыр къысхуокІуэ!

Джэгум лъэгум щремыщІэ еш,
Пшынэм зэи гъыбзэ хремыш.
Уи ужь кьихъуэ ныбжьыщІэхэм уэрэд
Пхуаусынущ уэ, Мыхьэмэт!

Усэхэр къэбэрдей диалектым къизыгъэзэгъар
УЭРЭЗЕЙ Афликщ.

Топджэгумкіэ XV Европэ чемпионатым и махуэгъэпс

A

Командэхэр	1	2	3	4	Топхэр	О	УвыпІэр
Франджы	⚽						
Румыние		⚽					
Албание			⚽				
Швейцарие				⚽			

Мэкъуауэгъуэм и 10, *мэрем:* **22.00** Франджы - Румынии
Мэкъуауэгъуэм и 11, *щэбэт* :**16.00** Албание - Швейцарие
Мэкъуауэгъуэм и 15, *бэрэжьей:* **19.00** Румынии - Швейцарие, **22.00** Франджы - Албание
Мэкъуауэгъуэм и 19, *тхьэмахуэ:* **22.00** Румынии - Албание, Швейцарие - Франджы

B

Командэхэр	1	2	3	4	Топ-хэр	О	Увы-пІэр
Инджылыз	⚽						
Урысей Федерацэ		⚽					
Уэльс			⚽				
Словакие				⚽			

Мэкъуауэгъуэм и 11, *щэбэт:* **19.00** Уэльс - Словакие, **22.00** Инджылыз - Урысей Федерацэ
Мэкъуауэгъуэм и 15, *бэрэжьей:* **16.00** Урысей Федерацэ - Словакие
Мэкъуауэгъуэм и 16, *махуэку:* **16.00** Инджылыз - Уэльс
Мэкъуауэгъуэм и 20, *блыщхьэ:* **22.00** Урысей Федерацэ - Уэльс, Словакие - Инджылыз

C

Командэхэр	1	2	3	4	Топ-хэр	О	Увы-пІэр
Германие	⚽						
Украинэ		⚽					
Польшэ			⚽				
Ирландие Ищхъэрэ				⚽			

Мэкъуауэгъуэм и 12, *тхьэмахуэ:* **19.00** Польшэ - Ирландие Ищхъэрэ, **22.00** Германие - Украинэ
Мэкъуауэгъуэм и 16, *махуэку:* **19.00** Украинэ - Ирландие Ищхъэрэ, **22.00** Германие - Польшэ
Мэкъуауэгъуэм и 21, *гъубж:* **19.00** Украинэ - Польшэ, Ирландие Ищхъэрэ - Германие

D

Командэхэр	1	2	3	4	Топхэр	О	УвыпІэр
Испание	⚽						
Чехие		⚽					
Тырку			⚽				
Хорватие				⚽			

Мэкъуауэгъуэм и 12, *тхьэмахуэ:* **16.00** Тырку - Хорватие
Мэкъуауэгъуэм и 13, *блыщхьэ:* **16.00** Испание - Чехие
Мэкъуауэгъуэм и 17, *мэрем:* **19.00** Чехие - Хорватие, **22.00** Испание - Тырку
Мэкъуауэгъуэм и 21, *гъубж:* **22.00** Чехие - Тырку, Хорватие - Испание

E

Командэхэр	1	2	3	4	Топхэр	О	УвыпІэр
Бельгие	⚽						
Италие		⚽					
Ирландие			⚽				
Швецие				⚽			

Мэкъуауэгъуэм и 13, *блыщхьэ:* **19.00** Ирландие - Швецие, **22.00** Бельгие - Италие
Мэкъуауэгъуэм и 17, *мэрем:* **16.00** Италие - Швецие
Мэкъуауэгъуэм и 18, *щэбэт:* **16.00** Бельгие - Ирландие
Мэкъуауэгъуэм и 22, *бэрэжьей:* **22.00** Италие - Ирландие, Швецие - Бельгие

F

Командэхэр	1	2	3	4	Топхэр	О	УвыпІэр
Португалие	⚽						
Исландие		⚽					
Австрие			⚽				
Венгрие				⚽			

Мэкъуауэгъуэм и 14, *гъубж:* **19.00** Австрие - Венгрие, **22.00** Португалие - Исландие
Мэкъуауэгъуэм и 18, *щэбэт:* **19.00** Исландие - Венгрие, **22.00** Португалие - Австрие
Мэкъуауэгъуэм и 22, *бэрэжьей:* **19.00** Исландие - Австрие, Венгрие - Португалие

Франджым къыщежьа зэпеуэ удэзыхьэхым абы егъэзэж

Мэкъуауэгъуэм и 10-м Франджым гуфІэгъуэкІэ къыщыдзэІуах Европэм и епщыкІутхуанэ чемпионатыр. Мазэкіэ екІуэкІыну зэІущІэ удэзыхьэхэм наІуэ ящІынущ абы и дыщэ медалхэр зыІэрыхьэнуэр.

ФУТБОЛЫМКІЭ Европэм и чемпионатыр егъэкІуэкІыныМкІэ ягъуэ жэрдэм къыхэзыпхьауэ щытар Франджым топджэгумкІэ и федерацэм и Іэтащхьэ Делон Анрищ. Абы и цІэр зэрехьэ зэхьэзэхуэм щытекІуэм Іэщіалъхьэ кубок абрагъуэм. Ди жагъуэ зэрыхъущи, и жэрдэмыр гъащІэм хэпща зэрыхъуар имыльагъуу ар 1955 гъэм дунейм ехыжащ. Абы кърихьэжьа Іэхур адэкІэ игъэкІуэтащ и къуэм.

1960 гъэм ягъ дыдэу Франджым щрагъэкІуэкІащ Европэм и кубокыр (арат абы щыгъуэм зэреджэр) къэхьыным теухуа зэпеуэр. Абы и финалым щызэхуэзат иджы щымыІэжхэу Совет Союзымрэ Югославиемрэ я командэ къыхэхахэр. ДжэгупІэ губгъуэм зэпэщІэтыныгъэр хуабжьу гуащІэ щыхъуат а къэралыгъуэхэм я унафэщІхэр ЕтІуанэ дунейпсо зауэм и ужькІэ зэрызэщыІеям къыхэкІыу. ЗэІущІэм къыщІагъуа зэманращ текІуар щызэхэкІар. СССР-м абы щыдигъэкІа топым дыщэ медалхэр и гъащІэм ягъэ икІи иужьу къыхуихьащ.

1964, 1972, 1988 гъэхэми Совет Союзым и командэ къыхэхар Европэм и чемпионатым и финалхэм щыджэгуащ. Арщхьэкіэ Испанием, Германием, Нидерландхэм я футболистхэм къыхагъащІэурэ къалъысар жэз медалхэращ.

СССР-р зэхэщэщэжа и ужькІэ Урысей Федерацэм ехьулІэныгъэшхуэхэр Европэм и чемпионатым щиІакъым. 2008 гъэ закъуэм финал ныкъуэм нэсат, ауэ испанхэр 3:0-у къатекІуэри, абдежым къыщаухащ.

2016 гъэм Франджым щызэхэтыну Европэм и XV чемпионатым и кІэух зэхьэзэхуэм кІуэн папщІэ къэралыгъуэ 53-м я командэ къыхэхахэр илъэситкІэ зэпеуащ. 24-м я насып къикІащ. Абыхэм ящыщ зыщ Урысей Федерацэм и командэ къыхэхари. Франджым и топджэгу губгъуэхэм ар щыхущІэкъунущ ехьулІэныгъэфІэкъэ зыІэригъэхьэну. Арщхьэкіэ а Іуэхугъуэр тынщу зэрыщымытыр гурыІуэгъуэщ. Абы и щыхьэтщ ягъ дыдэ зэІущІэм топджэгур къэзыгупсыса иджылызхэм зэращыпэщІэтынур.

Иужьрей лъэхъэнитІым (2008, 2012 гъэхэм) Европэм и чемпион хъуащ Испаниер. Псори зэхэту абы щэнейрэ дыщэ медалхэр мыпхуэдэ зэпеуэхэм къыщихьащ. Испанхэм абыкІэ къапэхъуфынур нэмыцэхэм я закъуэщ. Германиери щэнейрэ Европэм и чемпионщ. КъищынэмыщІауэ, нэмыцэхэм иджыри дыжьын медалищ зыІэрагъэхьащ, испанхэм - зы. Иджырей кІэух зэхьэзэхуэр езыгъэкІуэкІ франджыхэр абыхэм къакІэлъокІуэ, чемпионатитІым щытекІуауэ. Дауи, хэгъэрейхэр икІэщІыпІэкІэ Германиемрэ Испаниемрэ ялъэщІыхьэжыну хущІэкъунущ, кІэух зэхьэзэхуэр я деж зэрыщекІуэкІыр къэплъытэмэ.

Зи гугъу тщІа командэхэрауэ къыщІэкІынущ Европэм и чемпион цІэмрэ кубокымрэ аргуэру щІэбэныну. Арщхьэкіэ хэт ищІэн къэхъунур?! ЗэрыжаІэщи, губгъуэр занщІэщ, топыр хъурейщ! Бадзэуэгъуэм и 10-рац пхуэ наІуэ щыхъунур. Зэкіэ зэпэщІэтыныгъэ гуащІэхэм мазэ пскіэ дакІэлъыплъыну Іэмал гъуэзэджэ диІэщ.

Финалым и 1/8-нэ Іыхьэ
Мэкъуауэгъуэм и 25-27
щэбэт - блыщхьэ
16.00, 19.00, 22.00

Финалым и 1/4-нэ Іыхьэ
Мэкъуауэгъуэм и 30 - бадзэуэгъуэм и 3
махуэку - тхьэмахуэ
22.00

Финалым и 1/2-нэ Іыхьэ
Бадзэуэгъуэм и 6-7
бэрэжьей - махуэку
22.00

Финал
Бадзэуэгъуэм и 10
тхьэмахуэ
22.00

● Пщіэну щхьэпэщ

НэхъыфІхэр, нэхъ Іэзэхэр...

♦КІэух зэІущІэм бжыгъэ нэхъ ин дыдэ къыщыхъуар 2012 гъэращ. Украинэм и къалащхьэм щекІуэкІа финалым Испаниер 4:0-у Италием щытекІуащ.

♦Топ нэхъыбэ дыдэ щыдагъэкІа кІэух зэхьэзэхуэр щекІуэкІар Бельгиемрэ Нидерландхэмрэ щызэхэта чемпионатырщ. Абы 85-рэ командэхэр къыщыхэжанытекІащ.

♦Финал зэпеуэхэм нэхъ щІалэ дыдэу топ щыдзэІэкІар Швейцариемрэ и гъуащхьауэ Фонлантен Йоханщ. 2004 гъэм мэкъуауэгъуэм и 21-м абы Франджым и гъуэр хигъэщІащ.

♦Европэм и чемпионатхэм я кІэух зэхьэзэхуэхэм топ нэхъыбэ дыдэ щыдэзыгъэкІар Франджым и командэ къыхэхам и капитан Платини Мишельщ. Ар 9 къыхэжанытекІащ. Абы къыкІэлъокІуэ топибл дэзыгъэкІа Ширер Алан (Инджылыз).

♦Европэми дуней псоми я чемпион цІэр зэгъусэу зэрахьащ ФРГ-м, Франджым, Испанием. Франджыхэр дунейпсо чемпиону Европэм щытекІуамэ, нэмыцэхэр ягъэщІыкІэ ди континентым псоми щефІэкІри, итІанэ дунейр къагъэІурыщІащ. Испанхэр Европэм и чемпиону дунейм щытекІуэри, аргуэру континентым щынэхъ лъэщащ.

♦Испаниемрэ Франджымрэ чемпионатым ягъу щытекІуащ я деж щрагъэкІуэкІа кІэух зэхьэзэхуэхэм псоми щефІэкІри.

♦Испанием и командэ къыхэхам и закъуэщ тІэунейрэ зэкІэлъхьэжьыу Европэм и чемпион хъуар. Ещанэуи ар зригъэхъулІэну иджы Іэмал щыІэщ.

♦Европэм и чемпионатым и кІэух зэхьэзэхуэм нэхъыбэ дыдэрэ хэтар Германиерщ - 12-рэ. Абы къыкІэлъокІуэ Испаниер - 10. Совет Союзымрэ Урысей Федерацэмрэ я командэ къыхэхахэр кІэух зэхьэзэхуэхэм тхуэрытхуэ ирихьэлІащ.

♦2020 гъэм екІуэкІыну Европэм и чемпионатым и кІэух зэхьэзэхуэр ди континентым и къалэ нэхъ ин 13-м щызэхэтынущ, къэрал зыбжанэ къыщыщІибыдэу.

Урысей Федерацэм и командэ къыхэхар зэхьэзэхуэм хуэхьэзырщ.

Чемпионхэмрэ вице-чемпионхэмрэ

Илъэсыр	Щекіуэкіар	Финал зэІущІэр		
		Чемпионыр	Бжыгъэр	Финалым щыхагъэщІар
1960	Франджы	**СССР**	**2:1** Къыщіагъуа зэманым	Югославие
1964	Испание	**Испание**	**2:1**	СССР
1968	Италие	**Италие**	**1:1** ЕтІуанэу щыдзэгужам **2:0**	Югославие
1972	Бельгие	**ФРГ**	**3:0**	СССР
1976	Югославие	**Чехословакие**	**2:2** ПенальтикІэ **(5:3)**	ФРГ
1980	Италие	**ФРГ**	**2:1**	Бельгие
1984	Франджы	**Франджы**	**2:0**	Испание
1988	ФРГ	**Нидерландхэр**	**2:0**	СССР
1992	Швецие	**Дание**	**2:0**	Германие
1996	Инджылыз	**Германие**	**2:1**	Чехие
2000	Бельгие/ Нидерландхэр	**Италие**	**2:1**	Франджы
2004	Португалие	**Алыдж**	**1:0**	Португалие
2008	Австрие/ Швейцарие	**Испание**	**1:0**	Германие
2012	Украинэ/ Польшэ	**Испание**	**4:0**	Италие

Редактор нэхъыщхьэм и ягъэ къуэдзэ - жэуап зыхь секретарь ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр

ХьэфІыцІэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщІэмыщІ Изэ.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэм-кІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; суэтэхым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтеуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр І994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хунтыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкІ Соня,** *редактору* **Багъэтыр Луизэ,** *корректорхэру* **Афэ Тамарэ** *(2, 4, 6-нэ нап.),* **ПхытІыкІ Азэмэт** *(1, 3, 5-нэ нап.), корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу* **Нэужокъуэ Замирэ.** *Компьютеркіэ газетым и тепльэр ящІащ* **Дол Маринэ, Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахьуэ Анжелэ, Бецто Оксанэ,** *суэтэхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.078 ● Заказ №763

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар **Жыласэ Заурбэчщ.**

Ди газетым и къыкІэлъыкІуэ номерыр къыщыдэкІынур мэкъуауэгъуэм и 11-рщ.